| QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ SHOMANAY RAYONÍ HÁKIMINIŃ BIYLIGI | QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI SHUMANAY TUMANI HOKIMINING FARMOYISHI |
|---|---|

2021 - yil 19 - noyabr 40-13-193-F/21 Shomanay rayonı hákimligi

**Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2021-jıl 13-noyabr kúngi «Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵında usı jıldıń 15 noyabr-15 dekabr kúnleri "Órt qáwipsizligi aylıǵın" ótkeriwdi shólkemlestiriw haqqında»ǵı 117-13-0-F/21-sanlı biyliginiń orınlanıwın támiyinlew maqsetinde:**

1. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2021-jıl 13-noyabr kúngi «Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵında usı jıldıń 15 noyabr-15 dekabr kúnleri "Órt qáwipsizligi aylıǵın" ótkeriwdi shólkemlestiriw haqqında»ǵı 117-13-0-F/21-sanlı biyligi orınlaw ushın basshılıqqa alınsın.

2. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń joqarıda kórsetilgen biyligi menen:

- Ózbekstan Respublikasında Ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıw hám olardı saplastırıw boyınsha Húkimet komissiyası jıynalısınıń 2021-jıl 2-noyabrdegi 23-sanlı bayanınıń 3-bántiniń orınlanıwın támiyinlew maqsetinde 2021-jıl 15-noyabr-15-dekabr kúnleri aralıǵında "Órt qáwipsizligi aylıǵı" ótkeriliwi;

- "Órt qáwipsizligi aylıǵın" ótkeriw dawamında tómendegi ilajlar ámelge asırıw:

Ministrlikler, mákemeler, shólkemler hám kárxanalar, sonıń menen birge turaq-jay fondınıń órt qáwipsizligi talaplarına muwapıq halǵa keltiriw;

taypalanǵan hám oǵada ahmiyetli obyektlerde órt qáwipsizligin bekkemlew boyınsha kompleks ilajlardı ámelge asırıw tapsırılǵanlıǵı;

- "Órt qáwipsizligi aylıǵı"n ótkeriw boyınsha Respublika komissiyası quramı 1-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlanǵanlıǵı;

- Tómendegiler Respublika aymaqlıq komissiyasınıń tiykarǵı wazıypaları etip belgilengenligi:

"Órt qáwipsizligi aylıǵı"n shólkemlestiriw hám ótkeriw dawamında hár on kúnde aylıqtıń barılıwın talqılaw hám onda tiyisli basshılardıń esabatın esitiw;

jámiyetshilikti "Órt qáwipsizligi aylıǵı" sheńberinde ótkeriletuǵın ilajlarda qatnasıwǵa qosıw;

Nókis qalası hám rayonlar hákimlikleri menen birgelikte "jol kartasın"da názerde tutılǵan ilajlar dawamında hám sapalı orınlanıwın muwapıqlastırıp barıw;

xojalıqlar, sociallıq taraw obyektleri hám isbilermenlik subyektlerinde órt qáwipsizligin támiyinlew, ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıwǵa tiyisli usınıslardı islep shıǵıw hám olardı Ministrler Keńesine usınıw tapsırılǵanlıǵı;

- Qaraqalpaqstan Respublikasında "Órt qáwipsizligi aylıǵı"n ótkeriw boyınsha ilajlar rejesi 2-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlanǵanlıǵı;

- "Órt qáwipsizligi aylıǵı" dawamında ámelge asırılǵan jumıslar tuwrısındaǵı maǵlıwmatlardı ulıwmalastırıw, analiz qılıw hám tiyisliligi boyınsha Respublika Komissiyasına hám de Ózbekstan Respublikası Ayrıqsha jaǵdaylar ministrligine usınıs etip barıw ushın Qaraqalpaqstan Respublikası Ayrıqsha jaǵdaylar basqarmasında tiyisli shólkem hám karxanalar wákillerinen ibarat jumısshı topar 3-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlanǵanlıǵı;

- "Órt qáwipsizligi aylıǵı"n ótkeriliwin shólkemlestiriwde hár tárepleme ámeliy járdem kórsetiw hám belgilengen ilajlardı orınlaw boyınsha qadaǵalaw ornatıw maqsetinde Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrlik, karxana hám de shólkemler basshıları Nókis qalası hám rayonlarǵa 4-qosımshaǵa muwapıq biriktirilgenligi;

- Qaraqalpaqstan Respublikası Ayrıqsha jaǵdaylar basqarması (Davletov), Turaq-jay kommunal xizmet kórsetiw ministrligi (Dosnazarov), "Aymaqgaz Qaraqalpaqstan" GTF (Aymanov), "Qaraqalpaq aymaqlıq elektr tarmaqları kárxanası" AJ (Kerimzatov), Nókis qalası hám rayonlar hákimlikleri menen birgelikte:

"Órt qáwipsizligi aylıǵı" dawamında ámelge asırılıwı kerek bolǵan ilajlardı shólkemlestiriw boyınsha tiyisli basshılıq hújjetlerin (buyrıq, jıynalıs bayanı hám t.b. ) qabıllaw hám de tastıyıqlanǵan ilajlar rejelerindegi ilajlardıń waqıtında hám sapalı orınlanıwın baqlaw;

xojalıqlardaǵı, sonday-aq, kóp kvartirali turaq-jaylardaǵı elektr, gaz hám ıssılıq támiynatı quralları, ısıtıw qazanları, morılar hám ventilyatsiya sistemalarınıń jaǵdayın texnikalıq kórikten ótkeriw hám de kórikler dawamında kemshiliklerdi saplastırıw ilajların kóriw tapsırılǵanlıǵı;

ısıtıw máwsiminde puqaralardıń iyis gazinen záhárleniwi, sonıń menen birge, gaz-hawa aralaspasınıń shaqnawı sıyaqlı unamsız jaǵdaylardıń aldın alıw maqsetinde, jumısshı toparlar quramında úyme-úy júrip xalıq arasında túsindiriw hám úgit-násiyatlaw jumısların alıp barıw tapsırilǵanlıǵı;

energiya támiynatı quralları (atap aytqanda, gaz tarqatıw punktleri, transformator punktleri, elektr tarqatıw qutıları, oraylıq hám lokal qazanxanalar) jaǵdayın úyrenip, támiynat quralların zárúrli xizmet kórsetiw, turaqlı jumıs islewin támiyinlew hám de nátiyjeli paydalanıwǵa qaratılǵan ámeliy alıp barıw tapsırilǵanlıǵı;

ilajlar dawamında xalıqtıń barlıq qatlamların tartqan halda ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıw boyınsha túsindiriw hám úgit-násiyatlaw jumısları hám de ámeliy oqıw shınıǵıwları ótkeriliwin támiyinlew tapsırilǵanlıǵı;

islep shıǵarıw hám xizmet kórsetiw salasındaǵı kárxana, shólkem hám mákemeler texnologiyalıq processinde júz beriwi múmkin bolǵan avarıyalar hám júzege keliwi múmkin bolǵan basqa ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıw, bunday jaǵdaylarda obyektlerdiń turaqlı islewin támiyinlewge qaratılǵan profilaktikalıq ilajlardı ámelge asırıw tapsırilǵanlıǵı;

- Nókis qalası hám rayonlar hákimlikleri:

“Órt qáwipsizligi aylıǵı”n shólkemlestiriw hám ótkeriw boyınsha komissiyalar dúziw, rejelestirilgen ilajlardıń ámelge asırılıwın hár on kúnde komissiya jıynalıslarında kórip shıǵıw hám de tiyisli mákemeler hám shólkemler basshılarınıń ámelge asırılǵan jumısları boyınsha esabatların esitiw tapsırilǵanlıǵı;

orınlarda órt qáwipsizligin támiyinlewge qaratılǵan ilajlardıń orılanıwın shólkemlestiriw, “Órt qáwipsizligi aylıǵı”n ótkeriw menen baylanıslı bolǵan mashqalalardi tezlik penen sheshiw maqsetinde biylik penen Aylıqtı shólkemlestiriw hám ótkeriw komissiyaların dúziw hám de olardıń jumısların shólkemlestiriw tapsırilǵanlıǵı;

aylıqtı nátiyjeli ótkeriw ilajların islep shıǵıw, olarda órt qáwipsizligin támiyinlewge baylanıslı bolǵan barlıq xızmetler wazıypaların belgilew;

aylıq dawamında ámelge asırılǵan jumıslar tuwrısındaǵı maǵlıwmatlardı ulıwmalastırıw maqsetinde tiyisli mákeme, karxana hám shólkemler wákillerinen ibarat jumısshı toparlardı dúziw hám olardıń jumısların júritiw;

puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları, mámleketlik órt qadaǵalawı shólkemleri hám basqa baylanıslı mákemeler wákilleri menen birgelikte órt qáwipsizligin támiyinlew máseleleri uzaq waqıttan berli sheshilmey qalıp atırǵan obyektler hám elatlı punktlerine reydlar shólkemlestiriw;

jańadan qurılıp atırǵan imaratlarda qurılıs-montaj jumıslarınıń qalasazlıq normaları hám qaǵıydaları talapları, sonday-aq órt qáwipsizligi talapları tiykarında ámelge asırılıp atırǵanlıǵın úyreniw;

tiyisli qarjılardı ajratgan halda órt qáwipsizligi mazmunında plakatlar, bukletlar hám basqa túrdegi kórgezbeli úgit-násiyat materiallarınıń baspadan shıǵarılıwın shólkemlestiriw;

máhelle aktivlerin keń tartqan halda xalıq arasında órt qáwipsizligin támiyinlew boyınsha túsindiriw jumısların kúsheytiw, órtlerge hám basqa baxtsız hádiyselerge alıp keliwi múmkin bolǵan nızam buzıwshılıqlar boyınsha qatań sharalar kóriw tapsırılǵanlıǵı;

- Ministrlikler, karxana hám shólkemler basshıları:

komissiyalar, keńesler jıynalıslarında ózlerine tiyisli obyektler hám turaq-jay fondınıń texnikalıq jaǵdayı, órt qáwipsizligi máselelerin kórip shıǵıw;

obyektler hám turaq-jay fondın órtke qawipsiz jaǵdayǵa keltiriw ushın ajıratılǵan qarjılardan qatań túrde maqsetli paydalanıw;

gaz, energetika, suw xojalıǵı hám ısıtıw úskeneleriniń jaǵdayı hám sazlıǵına ayrıqsha itibar qaratıw;

órt qáwipsizligi qaǵıydaları buzılıwınıń hár bir jaǵdayı boyınsha puqta tekseriwler ótkeriw, órt júz beriwine jol qoyǵan ayıplı basshılarǵa qarata ámeldegi nızam hújjetlerine muwapıq tásir sharaların kóriw;

kárxana hám shólkemlerde, mákemelerde órt qáwipsizligi múyeshlerin shólkemlestirip, birlemshi órt óshiriw quralları menen támiyinlew;

taypalanǵan hám oǵada ahmiyetli obyektlerde bar bolǵan órtten-qutqarıw bólimlerin órt óshiriw texnikası hám ásbap úskeneler menen támiyinlew, órtke qarsı suw támiynatı dáreklerin (gidrantlar, rezervuarlar, suw saqlaǵıshları, ishki órt óshiriw kranları) saz halatqa keltiriw ilajların kóriw;

jumısshılar, xizmetkerler, oqıw orınları oqıwshı (student)ları hám xalıq ortasında túsindiriw jumısların kúsheytiw, jámiyetshilikti órtlerdiń aldın alıw ilajlarına qosıw tapsırılǵanlıǵı;

- Usı biyliktiń orınlanıwın támiyinlew boyınsha ámelge asırılǵan jumıslar tuwrısında 2021-jıl 15-dekabr kúnine shekem Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesine maǵlıwmat beriw tapsırılǵanlıǵı;

- Qaraqalpaqstan Respublikası teleradiokompaniyası (Jaqsimuratova), Informaciya hám ǵalabalıq komunikatsiyalar basqarması (Bekmuratov)na:

aylıqtı ótkeriwdiń maqseti hám mazmunı tuwrısında xalıqqa, sociallıq taraw obyektleri hám isbilermenlik subyektlerin xabardar etiliwin támiyinlew;

órt qáwipsizligi aylıǵı ótkeriliwin kórsetip barıw;

puqaralardıń ózinen-ózi basqarıw organları hám órt qadaǵalawı shólkemleri menen birgelikte órt qáwipsizligin támiyinlew máseleleri uzaq waqıttan berli sheshilmey qalıp atırǵan obyektler hám elatlı punktleri boyınsha reydlar shólkemlestirip hám sın kózqarastan reportajlar tayarlap efirge uzatıw usınıs etilgenligi maǵlıwmat ushın qabıl etińsin.

3. “Órt qáwipsizligi aylıǵı”n ótkeriw boyınsha rayon komissiyası quramı 1-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

4. Shomanay rayonında “Órt qáwipsizligi aylıǵı”n ótkeriw boyınsha is-ilajlar rejesi 2-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

- “Órt qáwipsizligi aylıǵı” dawamında ámelge asırılǵan jumıslar tuwrısındaǵı maǵlıwmatlardı ulıwmalastırıw, analiz qılıw hám tiyisli tártipte rayon komissiyasına hám de Qaraqalpaqstan Respublikası Ayrıqsha jaǵdaylar basqarmasına usınıs etip barıw ushın rayonlıq Ayrıqsha jaǵdaylar bóliminde tiyisli shólkem hám kárxanalar wákillerinen ibarat jumısshı topar quramı 3-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

5. Rayon hákiminiń birinshi orınbasarına (A.Qaljanov), rayon hákiminiń orınbasarlarına (R.Klıshev, B.Qıdırbaev, A.Qayipnazarov, D.Ibadullaeva,

M.Temirxanov), rayonlıq ayrıqsha jaǵdaylar bólimi (A.Atamuratov) menen birgelikte:

“Órt qáwipsizligi aylıǵı”n shólkemlestiriw hám ótkeriw boyınsha rejelestirilgen ilajlardıń ámelge asırılıwın hár on kúnde komissiya jıynalıslarında kórip shıǵıw hám de tiyisli keńseler, mákemeler hám shólkemler basshılarınıń ámelge asırılǵan jumıslar boyınsha esabatların esitiw;

orınlarda órt qáwipsizligin támiyinlewge qaratılǵan ilajlardıń orınlanıwın shólkemlestiriw, “Órt qáwipsizligi aylıǵı”n ótkeriw menen baylanıslı bolǵan mashqalalardi tezlik penen sheshiw maqsetinde biylik penen Aylıqtı shólkemlestiriw hám ótkeriw boyınsha rayonlıq komissiyasınıń jumısların shólkemlestiriw;

aylıqtı nátiyjeli ótkeriw ilajların islep shıǵıw, olarda órt qáwipsizligin támiyinlewge baylanisli bolǵan barlıq karxanalardiń wazıypaların belgilew;

aylıq dawamında ámelge asırılǵan jumıslar tuwrısındaǵı maǵlıwmatlardı ulıwmalastırıw maqsetinde jumısshı topardıń jumısların júritip barıw;

puqaralardıń ózin-ózi basqarıw uyımları, mámleketlik órt qadaǵalawı shólkemleri hám basqa baylanıslı kárxanalar wákilleri menen birgelikte órt qáwipsizligin támiyinlew máseleleri uzaq waqıttan berli sheshilmey qalıp atırǵan obyektler hám elatlı punktlerine reydlar shólkemlestiriw;

jańadan qurılıp atırǵan imaratlarda qurılıs-montaj jumıslarınıń ámeldegi qalasazlik normalari hám qaǵıydaları talapları, sonday-aq órt qáwipsizligi talapları tiykarında ámelge asırılıp atırǵanlıǵın úyrensin;

tiyisli qarjılardı ajratgan halda órt qáwipsizligi temasında plakatlar, bukletlar hám basqa túrdegi kórgezbeli úgit-násiyat materialların baspadan shıǵarılıwın shólkemlestirsin;

máhelle aktivlerin tartqan halda xalıq arasında órt qáwipsizligin támiyinlew boyınsha túsindiriw jumısların kúsheytiw, órtlerge hám basqa baxtsız hádiyselerge alıp keliwi múmkin bolǵan nızam buzıwshılıqlar boyınsha qatań sharalar kórsin.

6. Rayondaǵı mákeme, kárxan hám shólkemler basshıları:

komissiyalar, keńesler jıynalıslarında ózlerine baylanıslı obyektler hám turaq-jay fondınıń texnikalıq jaǵdayı, órt qáwipsizligi máselelerin kórip shıǵıw;

obyektler hám turaq-jay fondin órtke qawipsiz jaǵdayǵa keltiriw ushın ajıratılǵan qarjılardan qatań túrde maqsetli paydalanıw;

gaz, energetika, suw xojalıǵı hám ısıtıw úskeneleriniń jaǵdayı hám sazlıǵına ayrıqsha itibar qaratıw;

órt qáwipsizligi qaǵıydaları buzılıwınıń hár bir jaǵdayı boyınsha puqta tekseriwler ótkeriw, órt júz beriwine jol qoyǵan ayıplı basshılarǵa qarata ámeldegi nızam hújjetlerine muwapıq tásir sharaların kóriw;

kárxana hám shólkemlerde, mákemelerde órt qáwipsizligi múyeshlerin shólkemlestirip, birlemshi órt óshiriw quralları menen támiyinlew;

taypalanǵan hám oǵada ahmiyetli obyektlerde bar bolǵan órt-qutqaruv bólimlerin órt óshiriw texnikası hám ásbap úskeneleri menen támiyinlew, órtke qarsı suw támiynatı dáreklerin (gidrantlar, rezervuarlar, suw saqlaǵıshları, ishki órt óshiriw kranı) saz jaǵdayǵa keltiriw ilajların kóriw;

jumıssshılar, xizmetkerler, oqıwshı (student)ları hám xalıq ortasında túsindiriw jumısların kúsheytiw, jámiyetshilikti órtlerdiń aldın alıw ilajlarına qosıw tapsırılsin.

7. Usi biyliktiń orınlanıwın támiyinlew boyınsha ámelge asırılǵan jumıslar tuwrısında 2021-jıl 15-dekabr kúnine shekem rayon hákimligine maǵlıwmat berilsin.

8. Rayon hákimligi baspasóz xızmetine (Y.Seydullaev), Qaraqalpaqstan Respublikası teleradiokompaniyasi rayonlıq xabarshısına (U.Nasırov):

aylıqtı ótkeriwdiń maqseti hám mazmunı tuwrısında xalıqqa, sociallıq taraw obyektleri hám isbilermenlik subyektlerin xabardar etiliwin támiyinlew;

órt qáwipsizligi aylıǵı ótkeriliwin kórsetip barıw;

puqaralardıń ózinen-ózi basqarıw organları hám órt qadaǵalawı shólkemleri menen birgelikte órt qáwipsizligin támiyinlew máseleleri uzaq waqıttan berli sheshilmey qalıp atırǵan obyektler hám elatli punktleri boyınsha reydlar shólkemlestiriw hám sın kóz qarastan reportajlar tayarlap efirge uzatıw usınıs etilsin.

9. Usı biyliktıń orınlanıwın qadaǵalaw rayon hákiminiń orınbasarı R.Klıshev, rayonlıq ayrıqsha jaǵdaylar bólimi baslıǵı A.Atamuratovqa júklensin.

**Hákim** **B.Yangibaev**

Шоманай туман ҳокимининг
2021 йил 19 ноябрдаги
40-13-193-F/21-сон фармойишига
1-илова

## “Órt qáwipsizligi aylıǵı”n ótkeriw boyınsha Shomanay rayonı komissiyası QURAMÍ

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | R.Klıshev | - | Shomanay rayonı hákiminiń orinbasarı |
| 2 | D.Ibadullaeva | - | Shomanay rayonı máhálle hám shańaraqtı qollap-quwatlaw bólimi baslıǵı |
| 3 | B.Jarılqaǵanov | - | Shomanay rayonı qarjı bólimi baslıǵı |
| 4 | A.Atamuratov | - | Shomanay rayonı ayrıqsha jaǵdaylar bólimi baslıǵı |
| 5 | B.Asanov | - | Shomanay rayonı Úy-jay kommunal xızmet kórsetiw bólimi bas qánigesi |
| 6 | A.Ayteshov | - | Shomanay rayonı elektr támiyinlewshi kárxanası baslıǵı |
| 7 | S.Qunnazarov | - | “Shumanaytumangaz” gaz támiynatı bólimi baslıǵı |
| 8 | P.Qurbanov | - | Shomanay suw támiynatı bólimi baslıǵı |
| 9 | Sh.Narbaev | - | Shomanay rayonı ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, AJMT bólimshesi baslıǵı |

**Esletpe:** *Komissiya aǵzaları basqa jumısqa ótken taǵdirde, komissiya quramına usı lawazımǵa jańadan tayınlanǵan yamasa tiyisli funkciyalardı orınlaw júklengen shaxslar kiritiledi.*

*Rayonlıq komissiya quramına zárúrlikten kelip shıǵıp, komissiya basshısı tárepinen mákeme hám kárxanalardan qánigeler shaqırtılıwı múmkin.*

Шоманай туман ҳокимининг
2021 йил 19 ноябрдаги
40-13-193-F/21-сон фармойишига
2-илова

## Shomanay rayonında "Órt qáwipsizligi aylıǵı"n ótkeriw boyınsha is-ilajlar REJESI

| T/s | Is-ilajlar | Orınlanıw múddetleri | Juwapker |
|---|---|---|---|
| 1 | Orınlarda órt qáwipsizligin támiyinlewge qaratılǵan ilajlardıń orınlanıwın shólkemlestiriw, órt qáwipsizligi aylıǵın ótkeriw menen baylanıslı bolǵan mashqalalardı tezlik penen sheshiw maqsetinde biylik penen "Órt qáwipsizligi aylıǵı"n shólkemlestiriw hám ótkeriw komissiyaların dúziw hámde olardıń jumısların usı is-ilajlar rejesi tiykarında shólkemlestiriw. | 14-noyabrge shekem hám aylıq dawamında | Rayon hákimligi, rayonlıq Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, barlıq mákeme, kárxana hám shólkemler |
| 2 | Aylıqtı nátiyjeli ótkeriw ilajların islep shıǵıw, olarda órt qáwipsizligin támiyinlewge qatnasıwshı bolǵan barlıq mákemelerdiń wazıypaların belgilew. | 14-noyabrge shekem | Rayon hákimligi, rayonlıq Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi |
| 3 | Aylıq dawamında ámelge asırılǵan jumıslar haqqındaǵı maǵlıwmatlardı ulıwmalastırıw, talqılaw hám tiyisliligi boyınsha rayonlıq Isshi toparǵa hámde Qaraqalpaqstan Respublikası Ayrıqsha jaǵdaylar basqarmasına usınıp barıw | 14-noyabrge shekem hám aylıq dawamında | Rayon hákimligi, rayonlıq Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, barlıq mákeme, kárxana hám shólkemler |
| 4 | "Órt qáwipsizligi aylıǵı"n shólkemlestiriw hám ótkeriw dawamında hár on kúnde aylıqtıń ótkeriliwin talkılap barıw hám tiyisli basshılardıń esabatların esitiw | Hár 10 kúnde | Rayon hákimligi, rayonlıq Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, barlıq mákeme, kárxana hám shólkemler |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **5** | Jámáátshilikti “Órt qáwipsizligi aylıǵı” sheńberinde ótkeriletuǵın ilajlarda qatnasıwǵa ǵalaba túrde qamtıp alıw | aylıq dawamında | Rayon hákimligi, rayonlıq Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, barlıq mákeme, kárxana hám shólkemler |
| **Órt qáwipsizligin támiyinlew boyınsha tiykarǵı ilajlar** | | | |
| **6** | Puqaralardıń ózin ózi basqarıw hám órtti qadaǵalawı organları menen birgelikte órt qáwipsizligin támiyinlew máseleleri kóp waqıttan berli sheshim tappay kiyatırǵan obektler hám elatlı punktler boyınsha reydler shólkemlestiriw | aylıq dawamında | Rayon hákimligi, rayonlıq Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, barlıq mákeme, kárxana hám shólkemler |
| **7** | Hákimlik hám tiyisli tarawlardıń keńes májilislerinde ózlerine qaraslı obektler hám úy-jay fondınıń texnikalıq jaǵdayı, órt qáwipsizligi máselelerin kórip shıǵıw, obektler hám úy-jay fondın órtke qáwipsiz jaǵdayǵa keltiriw ushın ajıratılǵan qarjılardan maqsetli paydalanıw, gaz, energetika, suw xojalıǵı hám ısıtıw qurılmalarınıń jaǵdayı hám sazlıǵına ayrıqsha itibar qaratıw. | aylıq dawamında | Rayon hákimligi, rayonlıq Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, barlıq mákeme, kárxana hám shólkemler |
| **8** | Órt qáwipsizligi qádeleriniń buzılıwınıń hár bir jaǵdayı boyınsha puqta tekseriwler ótkeriwi, órt shıǵıwına jol qoyǵan ayıpdar basshılarǵa ámeldegi nızam hújjetlerine muwapıq tásirsheń ilajlardı kóriw | aylıq dawamında | Rayon hákimligi, rayonlıq Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, barlıq mákeme, kárxana hám shólkemler |
| **9** | Obyektlerde arnawlı xızmetler kúsh hám qualların qamtıǵan halda kórgizbeli órt óshiriw taktikalıq shınıǵıw hám oqıwlar ótkeriw hámde órt-qutqarıw texnikalarınıń taktikalıq imkaniyatlarınıń kórgizbelerin shólkemlestiriw | aylıq dawamında | Rayon hákimligi, rayonlıq Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, barlıq mákeme, kárxana hám shólkemler |
| **10** | Jańadan qurılıp atırǵan imaratlarda qurılıs-montaj jumısları ámeldegi qalasazlıq normaları hám qaǵıydaları talapları, sonıń ishinde órt qáwipsizligi talapları tiykarında ámelge asırılıp atırǵanlıǵın úyreniw | aylıq dawamında | Rayon hákimligi, rayonlıq Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, barlıq mákeme, kárxana hám shólkemler |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **11** | Puqaralar jıyınları belsendilerin keń qamtıǵan halda xalıq arasında órt qáwipsizligin támiyinlew baǵdarındaǵı túsindiriw jumısların kúsheyttiriw, órtlerge hám basqa baxıtsız hádiyselerge alıp keliwi múmkin bolǵan nızam buzıwshılıqlar boyınsha qatań ilajlar kóriw | aylıq dawamında | Rayon hákimligi, rayonlıq Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, barlıq mákeme, kárxana hám shólkemler |
| **Órtlerdiń aldın alıwǵa qaratılǵan úgit-násiyat máseleleri** | | | |
| **12** | Aylıqtı ótkeriwdiń maqseti hám mazmunı haqqında xalıqtı, sociallıq taraw obektleri hám isbilermenlik subektlerin keń túrde xabarlawdı támiyinlew | aylıq dawamında | Rayonlıq Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, rayon hákimligi Málimleme xızmeti |
| **13** | Qáwenderlerdiń qarjıların qamtıp alǵan halda órt qáwipsizligi temasında plakatlar, bukletlar hám basqa túrdegi kórgizbeli úgit-násiyat materialların tarqatıwdı shólkemlestiriw. | aylıq dawamında | Rayon hákimligi, rayonlıq Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, barlıq mákeme, kárxana hám shólkemler |
| **14** | Jámáátlik transport hám xalıqtıń kóp jıynalatuǵın orınlarında aylıqtıń ótkerilip atırǵanlıǵı haqqında reklama jazıwların, plakatlardı ornalastırıw. | aylıq dawamında | Rayon hákimligi, rayonlıq Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, barlıq mákeme, kárxana hám shólkemler |
| **15** | Jumısshılar, xızmetkerler oqıw orınları oqıwshıları hám xalıq arasında túsindiriw jumısların kúsheyttiriwi; jámáátshilikti órtlerdiń aldın alıw ilajlarına keń qamtıw. | aylıq dawamında | Rayon hákimligi, rayonlıq Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, barlıq mákeme, kárxana hám shólkemler |
| **16** | Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları, gaz hám elektr mákemeleri hámde ǵalaba xabar kuralları wákilleri menen birgelikte aylıq dawamında hám gúz-qıs máwsimin shıǵınlarsız ótkeriw baǵdarında qospa reydler shólkemlestiriw, olardıń nátiyjelerin ǵalaba xabar kurallarında sáwlelendiriw | aylıq dawamında | Rayonlıq Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, rayon hákimligi Málimleme xızmeti |
| **20** | Amelge asırılǵan jumıslar haqqında 2021-jıldıń 15-dekabr kúnine shekem rayon hákimligine maǵlıwmat kirgizip barıw | 2021-jıl 15-dekabr | Rayonlıq Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, rayon hákimligi Málimleme xızmeti |

Шоманай туман ҳокимининг
2021 йил 19 ноябрдаги
40-13-193-F/21-сон фармойишига
3-илова

**“Órt qáwipsizligi aylıǵı” dawamında ámelge asırılǵan jumıslar tuwrısındaǵı maǵlıwmatlardı ulıwmalastırıw, analiz qılıw hám tiyisli tártipte rayon komissiyasına hám de Qaraqalpaqstan Respublikası Ayrıqsha jaǵdaylar basqarmasına usınıs etip barıw ushın rayonlıq Ayrıqsha jaǵdaylar bóliminde tiyisli shólkem hám kárxanalar wákillerinen ibarat jumısshı topar**

**QURAMÍ**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | A.Mambetjanov | - | Shomanay rayonı hákimligi bas qánigesi, jumısshı topar baslıǵı |
| 2 | G.Rejepov | - | Shomanay rayonı ayrıqsha jaǵdaylar bólimi baslıǵınıń orınbasarı, jumısshı topar baslıǵınıń orınbasarı |
| 3 | B.Asanov | - | Shomanay rayonı Úy-jay kommunal xızmet kórsetiw bólimi bas qánigesi |
| 4 | B.Náwbetov | - | “Shumanaytumangaz” gaz támiynatı bólimi TB xızmetkeri |
| 5 | | | Shomanay rayonı elektr támiyinlewshi kárxanası baslıǵı |
| 6 | Í.Aytmuratov | - | Shomanay suw támiynatı bólimi masteri |
| 7 | Sh.Narbaev | - | Shomanay rayonı ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, AJMT bólimshesi baslıǵı |

**Esletpe:** *Komissiya aǵzaları basqa jumısqa ótken taǵdirde, komissiya quramına usı lawazımǵa jańadan tayınlanǵan yamasa tiyisli funkciyalardı orınlaw júklengen shaxslar kiritiledi.*

*Rayonlıq komissiya quramına zárúrlikten kelip shıǵıp, komissiya basshısı tárepinen mákeme hám kárxanalardan qánigeler shaqırtılıwı múmkin.*